

DEFANSÈ POU TRAVAYÈ KI BLESE

Komisyon Konpansasyon Travayè Defansè pou Travayè ki Blese

328 State Street
Schenectady, NY 12305
(877) 632-4996
advinjwkr@wcb.ny.gov

Defansè pou Travayè Blese yo ofri prezantasyon sou zafè konpansasyon travayè ki enpòtan pou travayè, sendika travay, patwon, gwoup COSH, ak gwoup sipò travayè ki blese yo.

Rele oswa voye yon imèl pou pwograme yon seyans edikasyon.

Biwo Defansè pou Travayè ki Blese (Office of the Advocate for Injured Workers) ofri yon sèvis san parèy pou ede travayè ki blese oswa ki vin malad nan travay nan Eta New York. Manm pèsònèl Defansè a bay gid ak enfòmasyon pou travayè ki blese pou pèmèt yo pwoteje dwa yo nan sistèm konpansasyon travayè a.

Si ou pa sèten sou dwa ou kòm yon travayè ki blese, ou jis bezwen rele pou jwenn èd. Rele **(877) 632-4996** epi mande pou **Biwo Defansè pou Travayè ki Blese a**. Manm pèsònèl biwo Defansè a ka ba ou repons dirèk konsènan:

- Fason pou depoze yon reklamasyon
- Ki fòm pou w itilize
- Ki moun ki kouvri
- Reklamasyon ki konteste
- Dwa pou ale nan odyans oswa konteste
- Fason pou depoze a tan
- Fason pou kenbe dosye
- Wòl ou nan tretman medikal ou
- Ki avantaj medikal ki disponib
- Reyabilitasyon ak travay sosyal
- Kisa pou w fè si ta gen lanmò

Biwo Defansè pou Travayè ki Blese a vwayaje nan tout eta a epi yo kontre ak sendika travay, patwon, gwoup sekirite/sante nan travay, ak gwoup sipò travayè ki blese pou bay dènye nouvèl sou chanjman nan sistèm konpansasyon travay la.



Si ou blese nan travay la

Lè gen yon **chòk nan travay** ou dwe:

- Al chèche premye swen oswa lòt tretman medikal ki nesèsè pi vit posib.
- Mete patwon ou okouran chòk la alekri nan 30 jou oswa pi piti apre dat aksidan an.
- Depoze yon reklamasyon ak Komisyon Konpansasyon Travayè (Komisyon) an nan de (2) zan oswa pi piti apre chòk ou a; men, l ap pi bon si ou fè sa pi vit posib.

Si yo te dyagnostike ou ak yon **maladi ki gen rapò ak travay** oswa **maladi pwofesyonèl**, ou dwe chèche tretman medikal ki nesèsè pi vit posib.

Ou dwe depoze reklamasyon pou konpansasyon travayè pou yon maladi pwofesyonèl nan de (2) zan oswa pi piti apre ou vin andikape a; oswa de (2) zan apre dat ou te konnen oswa yon pwofesyonèl swen sante te di w ou gen pwoblèm sante ki gen rapò ak travay la.

POU DEPOZE YON REKLAMASYON:

PI VIT: Ale sou wcb.ny.gov, chwazi **File a Claim** (Depoze yon Reklamasyon), epi ranpli vèsyon sou entènèt **Reklamasyon Anplwaye (Fòm C-3)** pou soumèt fòm nan sou entènèt.

Si ou gen kesyon sou fason pou depoze yon **Fòm C-3**, tanpri rele **(877) 632-4996** epi yon reprezantan Komisyon an ap ede ou.

Èske ou gen kesyon sou reklamasyon ou an?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou reklamasyon bay konpansasyon travayè a, tanpri rele:

(877) 632-4996

Yo pral mande ou enfòmasyon sa yo lè ou rele:

- Non ou
- Nimewo dosye WCB ou a, si ou depoze youn
- Nimewo telefòn ou (ak yon areya kòd) kote yo ka kontakte ou
- Yon deskripsyon kout sou pwoblèm nan ak lèt ou te resevwa

Swen Medikal

Tout swen medikal yo apwouve pou chòk oswa maladi ou a asirans travay ou a te peye. Swen sa a kouvri kit ou pèdi lè travay ou pa. Yo peye li an plis nenpòt avantaj pou salè ou te pèdi.

Komisyon an dwe otorize pwofesyonèl swen sante yo. Ou ka jwenn yon lis pwofesyonèl swen sante sou sitwèb Komisyon an nan wcb.ny.gov oswa rele Biwo Direktè Medikal la nan **(800) 781-2362**. Ou ka resevwa swen nan men nenpòt nan pwofesyonèl swen sante sa o oswa nan men pwòp doktè ou si li otorize.

Avantaj Salè ki Pèdi

Y ap peye avantaj salè ki pèdi konpansasyon travayè yo selon okiman medikal apwopriye nan men yon pwofesyonèl swen sante k ap bay swen. Yo peye avantaj yo ak de-tyè (2/3) salè mwayen pa semèn ou, selon salè ou pou 52 semèn avan dat chòk la, epi yo pa depase montan avantaj maksimòm lalwa pèmèt la.

Montan avantaj maksimòm nan chanje chak 1ye jiyè. Li baze sou Salè Mwayen pa Semèn Eta New York la pou ane avan an selon rapò Komisyonè Travay bay Direktè Asirans la 31 mas ane pase.*

Si w t ap travay plizyè djòb alafwa lè ou te blese a, yo ka konsidere sa kòm yon “travay konkiran.” Nan ka sa a, ou dwe bay Komisyon an salè nan chak travay. Si ou gen “travay konkiran,” y ap totalize salè yo pou detèmine salè mwayèn pa semèn ou.

**To avantaj yon travayè ki blese resevwa (selon dat chòk li a) pa ogmante si yo adopte nouvo avantaj maksimòm lan nan lalwa.*

Fwod nan konpansasyon travayè se yon Krim Klas E, yo ka pini jiska kat (4) lane nan prizon ak yon amann \$5,000.

SONJE: SEKIRITE TOUT TAN

Pi bon aksidan an se sa ki pa janm fèt la.

Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York la pwoteje dwa anplwaye ak anplwayè yo kote yo asire yo bay avantaj yo kòm sadwa epi yo ankouraje moun konfòme ak lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon an, ale sou wcb.ny.gov.